

Sèvi avèk fòmilè sa a pou mande batistè NYC sèlman. Ale sou nyc.gov/vitalrecords pou konnen konbyen tan sa pran kounye a pou nou travay sou demann yo, nan ki etap kòmann ou an ye, ak lòt enfòmasyon.

(Tanpri ekri klè epi mete enfòmasyon yo nan lang anglè sèlman. Se pou gade sèlman w ap jwenn tradiksyon fòmilè sa a sou entènèt.)

Kiyès Ki Kapab Mande yon Batistè NYC?

- Pou mande yon batistè, ou dwe se moun yo nonmen sou batistè a e ou dwe gen omwen 18 an, oswa ou dwe se paran oswa responsab legal moun yo nonmen sou batistè a.
- Moun yo nonmen sou batistè a dwe te fèt andedan senk minisipalite yo nan Vil New York (Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens ak Staten Island).
- Si ou se yon avoka k ap depoze yon demann onon yon kliyan, pa sèvi avèk fòmilè sa a. Olye de sa, sèvi avèk fòmilè "Attorney Protocol for NYC Birth Certificates" (Pwotokòl Avoka pou Batistè NYC), ki disponib nan on.nyc.gov/birth-certificate-attorney.
- Si w ap mande batistè yon moun ki mouri, ou dwe depoze dokiman "Family Tree/Link to Decedent" (Ab Jeneyalojik/Lyen avèk Defen an), ki disponib nan on.nyc.gov/family-tree, ak sètfika desè li ansanm avèk aplikasyon w lan. Si moun nan te mouri nan Vil New York, ou ka swa depoze kopi sètfika desè li, swa ekri nimewo sètfika desè a nan Seksyon En (1) an. Si moun nan te mouri deyò Vil New York, ou dwe bay yon sètfika desè sètfife.

Kijan pou Mwen Mande yon Batistè NYC?

- Etap 1:** Ale sou paj 3 epi ranpli tout enfòmasyon yo mande yo nan Seksyon En (1) ak De (2). Si gen enfòmasyon ou pa mete sa ap lakòz reta nan egzekisyon demann ou an. Si ou se yon ansyen konbatan ameriken, ranpli Seksyon Kat (4) la tou.
- Etap 2:** Chwazi rezon ki fè w ap mande batistè a nan Seksyon Twa (3). Rezon ou chwazi a ap detèmine si w ap resevwa vèsyon kout batistè a oswa vèsyon long batistè a. Pifò moun bezwen vèsyon kout batistè a, ki ka sèvi andedan Etazini, tankou pou al fè lisans kondui oswa paspò ameriken.
 - Si w ap mande yon batistè epi ou bezwen yon nòt ajoute (sètfika otantisite), chwazi ou vle yon vèsyon long batistè a. Y ap ba ou vèsyon long batistè a ansanm avèk yon Lèt Atestasyon Otantisite, e ou dwe fè notarye lèt la nan Biwo Sekretè Konte a (Office of the County Clerk). Apre sa ou ka sèvi avèk vèsyon long batistè a ak Lèt Atestasyon Otantisite a pou jwenn yon nòt ajoute. Se Depatman Deta Eta New York (New York State Department of State) ki emèt nòt ajoute yo.
- Etap 3:** Fè notarye paj 5 la. Pa blyie siyen fòmilè a ak mete dat ou siyen li an.
- Etap 4:** Ou dwe bay kopi yon pyès idantite ou (identification, ID) ki fasil pou li, ki ajou (pa ekspire), epi ki gen foto ou ak siyati ou sou li. Fotokopi ID w la dwe klè. Gade sou paj 2 pou wè ki kalite ID ki akseptab ak sa ou ka bay si ou pa gen yon ID avèk foto ki ajou.

Pri ak Enstriksyon pou Veye pa Lapòs

- Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC an ap fè peye \$15 pou chak batistè ou mande. Ou ka kòmande twa (3) kopi omaksimòm.
- Fè chèk oswa manda postal ou a sou non: **NYC Department of Health and Mental Hygiene**. Nou pa aksepte ni kach ni chèk debitan. Si w ap mande yon batistè apati de deyò Etazini, nou egzije yon manda postal entènasyonal an dola ameriken ki soti nan yon bank ameriken.
- Voye aplikasyon ranpli ak notarye w la, kopi ID avèk foto ki ajou w la, ak peman an (chèk oswa manda postal) pa lapòs nan adrès ki sou paj 5 la.
- Nou pa ka voye batistè pa lapòs nan adrès ki make "in care of" (sou responsabilite).
- Si ou se yon ansyen konbatan ameriken epi ou te fèt nan Vil New York, ou gen dwa kalifye pou resevwa yon batistè gratis. Gade Tablo 3 sou paj 2 pou konnen si ou kalifye ak ki prèv sitiyasyon ansyen konbatan ki akseptab, epi ranpli Seksyon Kat (4) sou paj 4.
- Kòmande sou entènèt:** Pou nou travay pi vit sou aplikasyon w lan, ale sou vitalcheck.com. Nou travay sou kòmann sou entènèt yo nan yon delè 72 èdтан pandan lasemèn, epi gen livrezon pa UPS express ki disponib. Se sèl moun nan oswa paran ki gen non li(yo) sou batistè a ki ka kòmande sou entènèt.

Tablo 1. ID Ou Oblije Bay yo

Kategori 1: Dokiman Idantite

| | |
|---|---|
| Bay yon sèl nan dokiman idantite sa yo. Dokiman an dwe gen sou li foto ou ak siyati ou epi li pa dwe ekspire. | |
| Lisans kondui oswa kat ID pou moun ki pa kondui | ID inivèsite oswa kolèj avèk dènye relvednòt ou |
| Kat prestasyon sosyal Eta New York | ID prizònye avèk papye liberasyon ajou |
| Paspò ameriken oswa etranje ki gen siyati | ID travay avèk yon souch chèk peman ajou |
| ID minisipal IDNYC | Kat Access-A-Ride NYC |
| Sètfika natirализasyon ameriken (se dwe oriinal la) | Kat MetroCard NYC MTA tarif redui |
| Kat ID militè (se dwe pou moun y ap mande batistè li an) | |

Tablo 2. Prèv Adrès Ou Oblije Bay yo

Kategori 2: Dokiman Prèv Adrès

Si ou pa gen okenn nan dokiman Kategori 1 yo, alòs bay nenpòt **de (2)** nan dokiman prèv adres sa yo. Dokiman yo dwe gen yon dat ki pa pi ansyen pase 60 dènye jou yo epi yo dwe montre non ou ak adres ou.

Paregzanp, ou ka bay yon bòdwo telefòn ki gen dat li nan 60 dènye jou yo ak lèt yon ajans gouvènman ki gen dat li nan 60 dènye jou yo tou. Oubyen, ou ka bay de (2) bòdwo telefòn, depi yo toude gen dat yo nan 60 dènye jou yo. N ap voye batistè w lan pa lapòs nan adres ki sou dokiman ou bay yo.

| | |
|--------------------|---|
| Bòdwo sèvis publik | Kourye gouvènman ofisyèl yo voye pou ou |
| Bòdwo telefòn | Bòdwo Iwaye (lèt ipotèk oswa anfèmay) |
| Bòdwo medikal | |

Tablo 3. Prèv Sitiyasyon Ansyen Konbatan

Si ou se yon ansyen konbatan ameriken epi ou te fèt nan Vil New York, ou gen dwa kalifye pou resevwa yon batistè gratis si demann ou an gen pou wè avèk kèlkeswa nan rezon sa yo:

| | |
|---|--|
| Prestasyon nan men Administrasyon Ansyen Konbatan an | Yon aplikasyon pou boni veteran konfòmeman a nenpòt lwa nan Eta New York |
| Anwolman oswa admisyon nan fòs ame Etazini yo | Aplikasyon pou alokasyon pou depandan manm pèsonèl fòs ame Etazini yo |
| Bay nenpòt nan prèv sitiayson ansyen konbatan akseptab sa yo. | |
| Fòmilè DD 214, Sètfika Demobilizasyon oswa Fen Sèvis Aktif | Lisans kondui oswa kat idantite pou moun ki pa kondui Eta New York la avèk deziyasyon ansyen konbatan |
| Fòmilè DD 2 (Retrete) Kat Idantifikasyon Sèvis Militè Etazini | Kat IDNYC avèk deziyasyon ansyen konbatan |
| Kat Idantifikasyon Ansyen Konbatan oswa Kat Sante Ansyen Konbatan | Atestasyon nan men Biwo Zafè Ansyen Konbatan Majistra a (Depatman Sèvis pou Ansyen Konbatan NYC a) k ap konfime sèvis militè a |

Si ou pa ka bay okenn nan dokiman ki nan Tablo 1 oswa 2 yo, rele **311** oswa voye yon imèl pou nycdohvr@health.nyc.gov.
Si w ap rele apati de deyò Vil New York, rele 212-639-9675.

Seksyon En (1): Kijan Ou Rele?

Ou dwe gen omwen 18 an. Ekri klè epi sèvi ak lank nwa sèlman. Sèvi avèk non ki parèt kounye a sou ID ou. Tout sa yo mande ou pi ba a obligatwa. Nou pa ka voye batistè pa lapòs nan adres ki make "in care of" (sou responsabilite).

| | | |
|--------------------------|---------------|-----------------------------------|
| PRENON | DEZYÈM PRENON | NON FANMI |
| ADRÈS POSTAL | | NIMEWO APATMAN |
| VIL | ETA | KÒD POSTAL |
| NIMEWO TELEFÒN PRENSIPAL | | LÒT NIMEWO TELEFÒN (SI OU GENYEN) |
| ADRÈS IMÈL | | |

Sa ou ye pou moun ki gen non li sou batistè a:

- Se batistè pa mwen m ap mande.
- Mwen se manman/paran moun ki gen non li sou batistè a.
- Mwen se papa/paran moun ki gen non li sou batistè a.
- Mwen gen titèl/gad legal moun ki gen non li sou batistè a. (Ou dwe bay òdonans tribunal orijinal pou titèl oswa gad legal la ansanm avèk aplikasyon w lan.)
- Mwen fè pati yon òganizasyon sèvis sosyal ki asosye avèk yon timoun minè oswa avèk yon granmoun ki gen andikap devlopman.

Si moun nan te mouri nan Vil New York, ekri nimewo sètifica desè li: 1 5 6 - _____ - _____

Seksyon De (2): Enfòmasyon sou Batistè a

Nan seksyon sa a, ekri non yo jan yo parèt kounye a sou batistè w ap mande a.

Non ki sou batistè a jan li parèt kounye a:

| | | |
|--------|---------------|-----------|
| PRENON | DEZYÈM PRENON | NON FANMI |
|--------|---------------|-----------|

Dat nesans ki make sou batistè a (mwa/jou/ane): _____ / _____ / _____

Si ou pa konn dat nesans la egzakteman, ranpli entèval rechèch la (mwa/jou/ane) (gade paj 5 pou jwenn enfòmasyon sou frè rechèch yo):

Dat kòmansman: _____ / _____ / _____ Dat finisman: _____ / _____ / _____

Sèks ki sou batistè a: Gason Fi X*

*X se yon sèks ki pa ni gason ni fi (yon idantite seksyèl ki pa binè).

Minisipalite nesans la (Kite li vid si ou pa konnen):

Bronx Brooklyn Manhattan Queens Staten Island

Non manman/paran ki sou batistè a:

| | |
|--------|-----------|
| PRENON | NON FANMI |
|--------|-----------|

Non papa/paran ki sou batistè a:

| | |
|--------|-----------|
| PRENON | NON FANMI |
|--------|-----------|

Lye nesans ki sou batistè a (kite li vid si ou pa konnen):

NON LOPITAL LA, SANT AKOUCHMAN AN OSWA, SI SE LAKAY, ADRÈS REYÈL, VIL, ETA, KÒD POSTAL

Seksyon Twa (3): Rezon Demann nan

Make poukisa w ap mande yon batistè ak konbyen w ap mande.

Genyen de (2) kalite batistè. Ou ka mande nenpòt ki kalite. Yo gen menm pri.

- Vèsyon kout:** Pifò moun mande vèsyon kout batistè a. Li ka sèvi pou pifò objektif andedan Etazini, tankou pou al fè lisans kondui oswa paspò ameriken. Batistè sa a gen ladan li prenon ak non fanmi moun ki gen non li sou batistè a ak kote li fèt, dat li fèt, sèks li lè li fèt, dat depo a, ak prenon ak non fanmi manman an/paran an ak papa a/paran an.
- Vèsyon long:** Vèsyon long batistè a gen ladan li menm enfòmasyon avèk vèsyon kout batistè a, epitou enfòmasyon anplis tankou lè nesans la, non lopital la ak kote paran an(yo) te fèt. Batistè sa a nòmalman sèvi nan objektif entènasyonal, tankou sitwayènte doub, adopsyon entènasyonal, maryaj entènasyonal ak pou jwenn yon nòt ajoute.

Nan tablo sa a, make rezon ki fè w ap mande batistè a. Rezon ou chwazi a ap detèmine si w ap resevwa vèsyon kout oubyen vèsyon long batistè a.

| Poukisa w ap mande batistè a: | | | Sa w ap resevwa: |
|---|---|---|---|
| <input type="checkbox"/> Paspò ameriken oswa vwayaj | <input type="checkbox"/> Asistans oswa prestasyon gouvènman | <input type="checkbox"/> Taks sou revni | |
| <input type="checkbox"/> Eritaj oswa règleman byen (Etazini sèlman) | <input type="checkbox"/> Travay | <input type="checkbox"/> Adopsyon (Etazini sèlman) | |
| <input type="checkbox"/> Maryaj (Etazini sèlman) | <input type="checkbox"/> Lekòl oswa espò | <input type="checkbox"/> Dosye oswa itilizasyon pèsonèl | |
| <input type="checkbox"/> Rezon ki gen pou wè ak lajistik | <input type="checkbox"/> Asirans, panson oswa retrèt | <input type="checkbox"/> Lòt |  Vèsyon kout batistè a |
| | <input type="checkbox"/> Sekirite sosyal oswa avantaj sosyal | | |
| <input type="checkbox"/> Nòt ajoute | <input type="checkbox"/> Maryaj (entènasyonal sèlman) | <input type="checkbox"/> Lòt | |
| <input type="checkbox"/> Sitwayènte doub oswa imigrasyon | <input type="checkbox"/> Lè nesans | | |
| <input type="checkbox"/> Adopsyon (entènasyonal sèlman) | <input type="checkbox"/> Itilizasyon entènasyonal, oswa itilizasyon aletranje | |  Vèsyon long batistè a |
| | <input type="checkbox"/> Eritaj oswa règleman byen entènasyonal | | |

Konbyen batistè w ap bezwen (twa omaksimòm)? Yon sèl (1) De (2) Twa (3)

Seksyon Kat (4): Dispans Frè pou Ansyen Konbatan

Si ou pa yon ansyen konbatan ameriken, sote seksyon sa a. Si ou se yon ansyen konbatan ameriken epi demann ou an gen pou wè avèk nenpòt nan rezon sa yo, tanpri siyen pi ba a:

- Prestasyon nan men Administrasyon Ansyen Konbatan an
- Anwolman oswa admisyon nan fòs ame Etazini yo
- Yon aplikasyon pou boni veteran konfòmeman a nenpòt lwa nan Eta New York
- Aplikasyon pou alokasyon pou depandan manm pèsonèl fòs ame Etazini yo

Mwen afime demann mwen an gen pou wè avèk youn nan rezon ki pi wo la a yo.

Siyati: _____

Pou resevwa yon dispans frè pou ansyen konbatan, ou dwe bay prèv sitiyasyon ansyen konbatan ou. Gade Tablo 3 sou paj 2 pou wè lis dokiman nou aksepte yo.

Seksyon Senk (5): Fè Notarye Aplikasyon w lan

Aplikasyon sa a dwe notarye. Se paj sa a sèlman ou bezwen notarye. Ou dwe bay kopi ID ou genyen kounye a ansanm avèk aplikasyon sa a. Gade Tablo 1 sou paj 2 pou wè lis kalite ID nou aksepte yo.

| | |
|--|---------------------------|
| SIGNATURE OF APPLICANT (SIYATI MOUN K AP FÈ DEMANN NAN) | DATE (DAT) |
| To be completed by notary. (Se notè a ki pou ranpli pati sa a.) | Notary Public Seal |
| State of _____ | |
| County of _____ | |
| Subscribed and sworn before me: | |
| this _____ day of _____, 20_____ | |
| Notary Public Signature | |

Se sèlman yon moun dosye nesans la konsène, si li majè, oswa yon paran oswa yon òganizasyon sèvis sosyal ki asosye avèk yon timoun minè oswa yon granmoun ki gen andikap devlopman, nou ka bay kopi batistè a. Se yon vyolasyon lalwa pou w fè deklarasyon ki fo, ki se manti, oswa ki pou twonpe, oswa pou w imite siyati yon lòt moun sou demann sa a. Vyolasyon sa yo se deli e pinisyon an se yon amann ki ka rive jiska \$2,000.

Pri yo ak Kijan pou Remèt Demann Ou an

Chak batistè koute \$15.* Ou ka mande twa (3) batistè omaksimòm. Si ou pa konn dat nesans egzak la epi se yon entèval ki sèvi olye de sa, gen yon frè rechèch \$3 anplis pou chak ane youn dèyè lòt n ap chèche apre de (2).

*Ansyen konbatan yo ka resevwa yon batistè gratis.

Se chèk ak manda postal sèlman nou aksepte. Nou pa aksepte ni kach ni chèk debitán.

Ou dwe fè bagay sa yo:

- Ranpli Seksyon En (1), De (2), Twa (3) ak Senk (5) nan aplikasyon an.
- Fè notarye Seksyon Senk (5).
- Bay fotokopi ID ki gen foto w ak siyati w ou genyen kounye a, oswa prèv adrès ou (gade Tablo 1 ak 2).
- Siyen Seksyon Kat (4) epi mete prèv sitiyasyon ansyen konbatan ou (gade Tablo 3), sèlman si ou se yon ansyen konbatan ameriken.
- Fè peman pa chèk oswa manda postal.

Kalkile Pri Demann Ou an

Kantite batistè ou mande yo (twa (3) omaksimòm): _____

Miltipliye pa \$15 pou chak batistè egal: \$_____

Plis \$3 frè rechèch pou chak ane anplis nou chèche apre de (2): \$_____

Montan Total Peman an (total de (2) montan an dola ki pi wo la a yo): \$_____

Voye pa lapòs pou: NYC Department of Health and Mental Hygiene • Attention: BC Request
125 Worth St. • CN-4, Room 119 • New York, NY 10013

Pou yo ede ou avèk aplikasyon sa a, rele **311** oswa voye yon imèl pou nycdohvr@health.nyc.gov.

Si w ap rele apati de deyò Vil New York, rele 212-639-9675.